

**Ne rejetez pas le chemin du salut
Pa jete chemen sali a**

Woman 2:4 Osinon, èske se meprize w'ap meprize Bondye ki gen bon kè anpil, ki gen pasyans anpil, ki sipòte nou anpil? Se konnen ou pa konnen se pou l' ka rele ou vin chanje lavi ou kifè Bondye gen bon kè konsa?

Pran Li kom sove ou Jodi a?

Si ti bwochi sa te ede w vin jwenn Kris, souple pase vizite nou pou nou kapab ankouraje w nan desizyon sa ou fenk fè a.



P.O. BOX 1115 • YORK, SC 29745 • 803-684-1535
WWW.HOPETRACTS.ORG
The Romans' Map To Heaven (Haitian Creole) Tract 466

**WOUT
WOMEN
POU ALE NAN SYÈL LA**



Liv Women se yon liv ki inik paske li bay yon eksplikasyon ki jan ou ka ale nan syèl la pi klè pase tout liv nan Bib la. Plizye fwa moun konn rele li direksyon pou rive nan syèl la.

Kiyès ki bon?

Women 3:10-12 *Jan sa ekri nan Liv la: Nanpwen moun ki gen rezon devan Bondye. Non, pa menm yon grenn. Yo yonn pa gen konprann. Yo yonn p'ap chache Bondye. Yo tout lage kò yo nan bwa, yo tout pèdi chemen yo. Nanpwen yonn ladan yo k'ap fè sa ki byen. Non, pa menm yon sèl.*

Kiyès ki fè peche?

Women 3:23 *Tout moun fè peche; yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a.*

Pri etènèl peche w

Women 6:23a *Peche peye nou kach: li ban nou lanmò...* Women 1:18a *Se poutèt sa, n'ap wè kòlè Bondye soti nan syèl la, li tonbe sou tout mechanste ak tout lenjistis moun fè...*

Ou pa ka fè anyen pou sove tèt w

Women 3:20a *Se pa paske yon moun fè sa lalwa a mande kifè li inonsan devan Bondye...* Women 3:27 *Bon. Nan kondisyon sa a, ki rezon moun genyen pou y'ap fè grandizè ankò? Pa genyen menm. Poukisa? Eske se paske yo fè sa lalwa mande? Non. Men, paske yo fè Bondye konfyans.*

Lanmou Bondye bay yon wout pou w pase

Women 5:8-9 *Sou pwèn sa a, Bondye moeche toujou lè Kris la mouri pou nou. Se paske li bay san li utre nou jan li renmen nou anpil; paske nou t'ap fè ppou nou kifè koulye a Bondye fè nou gras. Nou pa bezwen mande si Kris la p'ap delivre nou tou anba kòlè Bondye.* Woman 6:9 *Nou konnen Kris la te leve soti vivan nan lanmò, li pa gen pou l' mouri ankò; lanmò pa gen okenn pouvwa sou li.*

Mete tout konfyans ou nan Jezi Kris

Woman 3:22 *Se lè moun mete konfyans yo nan Jezikri Bondye fè yo gras. Li fè l' pou tout moun ki kwè nan Kris la, paske yo tout se menm.* Woman 3:28 *Nou kenbe sa nou di a: se paske yon moun gen konfyans nan Bondye kifè Bondye fè l' gras, se pa paske li fè sa lalwa mande.*

Kwè sèlman Jezi kapab sove ou

Women 4:21 *Li te gen fèm konviksyon Bondye te gen pouvwa pou l' te fè sa l' te pwomèt la.*

Deklare ak bouch ou

Women 10:9 *Si ou deklare ak bouch ou devan tout moun Jezi se Seyè a, si ou kwè tout bon nan kè ou Bondye te fè l' leve soti vivan pami mò yo, wa sove.* Women 10:13 *Se sa ki ekri nan Liv la: Nenpòt moun ki rele non Met la gen pou jwenn delivrans.*